



# Yon Ti Koutje sou Plan Sante Kalifye (Qualified Health Plan)

## KIMOUN KI KALIFYE?

### MEN MOUN KI KALIFYE:

- Moun k ap viv nan Eta New York
- Moun k ap viv legalman Ozetazini
- Pa kalifye pou Medicaid, Essential Plan oswa Child Health Plus

### KONTAKTE NOU:

- [nystateofhealth.ny.gov](http://nystateofhealth.ny.gov)
- 1-855-355-5777 oswa TTY  
1-800-662-1220

NY State of Health konfòmè ak lwa Federal konsènan dwa sivik ak lwa Eta ki anplas epi li pa fè diskriminasyon ki base sou ras, koulè, orijin nasyonal, kwayans/relijyon, laj, séks, eta sitiyasyon familyal, kazyé jidisyè, kondanasyon penal, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, karakteristik predispozisyon genetik, sitiayson militè, viktim yolans nan kay epi/oswa vanjans.

## KISA KI GARANTI?

- Swen preventif gratis
- Swen pou Pasyan ki entène
- Sèvis pou pasyan ki pa entène
- Swen nan matènité ak swen tibebe ki fèk fèt
- Sèvis pou ijans
- Laboratwa ak imajri
- Medikaman sou preskripsyon
- Sèvis reyabilitasyon ak sèvis adaptasyon

- Sèvis sante mantal ak sèvis pou twoub itilize alkòl/dwòg
- Sèvis pou sante jeneral ak sèvis pou kontwole maladi
- Swen dan ak swen zye pou timoun

*Avantaj swen dan ak lòt  
avantaj yo ka garanti tou  
avèk kèk plan.*

# KONBYEN YON PLAN SANTE KALIFYE (QUALIFIED HEALTH PLAN, QHP) KOUTE?

**FRÈ POU PEYE CHAK MWA** Pri ou peye chak mwa ap depannne plan ou chwazi a. Ampil moun kalifye pou kredi nan taks ki diminye frè pa mwa yo. Moun ki touche jiska \$49,960 dola pa ane ak yon fanmi 4 moun ki touche \$103,000 dola ka kalifye pou kredi nan taks.

**KOTIZASYON NAN FRÈ YO:** Kotizasyon nan frè yo se kantite lajan ou peye lè w ap resevwa yon sèvis swen sante. Kèk moun kalifye tou pou yo resevwa èd pou peye frè sa yo, dapre revni yo. Anba la a se kèk egzanp nivo kotizasyon nan frè QHP pou plan estanda yo ofri nan kat nivo yo. Lòt plan yo disponib avèk diferan kotizasyon nan frè ak lòt sèvis ki garanti.

KOTIZASYON NAN FRÈ SÈVIS SWEN SANTE	PLATIN	LÒ	AJAN	BWONZ
Franchiz chak Ane	\$0	\$600	\$1,300	\$4,425
Swen Preventif	Gratis	Gratis	Gratis	Gratis
Vizit nan Klinik Doktè Premye Swen	\$15	\$25	\$30	Premye 3 Vizit gratis; apresa 50% kotizasyon nan frè yo
Vizit nan Klinik Espesyalis	\$35	\$40	\$50	50% kotizasyon nan frè yo
Kantite Tan nan Lopital pou Pasyan ki Entène nan Lopital pou chak admisyon	\$500	\$1,000	\$1,500	50% kotizasyon nan frè yo
Vizit Pasyan ki pa Entène pou Sante Konpòtmantal	\$15	\$25	\$30	50% kotizasyon nan frè yo
Pasyan ki Entène pou Pwoblèm Sante Mantal chak admisyon	\$500	\$1,000	\$1,500	50% kotizasyon nan frè yo
Saldijans:	\$100	\$150	\$250	50% kotizasyon nan frè yo
Swen Ijan	\$55	\$60	\$70	50% kotizasyon nan frè yo
Terapi Fizik, Òtofoni ak Ègoterapi	\$25	\$30	\$30	50% kotizasyon nan frè yo

KOTIZASYON NAN FRÈ YO POU MEDIKAMAN SOU PRESKRIPSYON	PLATIN	LÒ	AJAN	BWONZ
Jenerik	\$10	\$10	\$10	\$10
Mak Depoze ki Prefere	\$30	\$35	\$35	\$35
Non Komèsyal Nou Rekomande	\$60	\$70	\$70	\$70